

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Dina hakékatna, basa mangrupa salasihiji alat komunikasi anu hirup kumbuh di antara lingkungan anggota masarakat. Tanpa basa, manusa moal bisa ngajalankeun kahirupanana sapopoé. Ngaliwatan médium basa, manusa bisa ngedalkeun kahayang atawa rasa, bisa silih tuker ide, pikiran, atawa gagasan. Éta hal dilakukeun sangkan maksud tina eusi pikiran anu dipikahayang ku pangirim pesen (panyatur atawa panulis) bisa ditepikeun, ditarima, tur dipikanyaho ku nu narima pesen (pamiarsa atawa pamaca), boh ku cara lisan (nyarita), boh ku cara tulisan. Éta bisa jadi salasihiji interaksi, antara papada manusa dina ngajalankeun hubungan komunikasi di lingkunganana salaku masarakat.

Élmu basa anu maluruh hubungan unsur basa jeung panyaturna (nu makéna basa), disebut pragmatik. Sudaryat (2007: 283) nétélakeun, yén pragmatik nyaéta ulikan wacana anu maluruh bagbagan makéna basa keur kaperluan nu tangtu dina hiji situasi, patalina basa jeung konteks makéna basa, atawa carana milih kalimah anu keuna tur luyu jeung kabutuh panyatur. Kitu deui Sudaryat (2007: 10) nétélakeun, yén pragmatik raket patalina jeung wacana. Wacana mangrupa wujud basa dina pamakéan basa atawa pragmatis. Ku kituna, wacana mibanda sipat-sipat pragmatik.

Komunikasi basa anu lumangsung dina kahirupan masarakat, mangrupa interaksi sosial anu miboga hubungan timbal balik antara panyatur jeung pamiarsa. Komunikasi basa anu sipatna timbal balik éta disebut paguneman. Paguneman sipatna interaksional, lantaran kagiatan makéna basa dilakukeun ku dua urang panyatur atawa leuwih, kajadianana lumangsung harita kénéh, jeung ukuranana panjang. Paguneman mangrupa tataran ma'na anu pangjembarna tina unsur wacana. Tina éta hal, paguneman (implikatur jeung adegan paguneman) nurutkeun Levinson (Sudaryat, 2007: 11), asup kana wengkuan kapragmatisan wacana.

Komunikasi basa asup kana aktivitas sosial, di antarana ngalibetkeun panyatur, pamiarsa, jeung jejer caritaan/omongan, atawa ngalibetkeun panulis jeung pamaca. Tarigan (1990: 79) nyebutkeun yén, kagiatan nyarita jeung nulis mangrupa dua tindak basa anu kawengku dina widang rétorika, dumasar kana éta hal, rétorika kabagi jadi dua, nyaéta rétorika tékstual jeung rétorika antarpribadi (*interpersonal*). Boh rétorika tékstual, boh rétorika antarpribadi, mikabutuh sababaraha prinsip sangkan jejer caritaan anu baris ditepikeun ku panyatur ka pamiarsa bisa kahontal. Éta prinsip-prinsip anu dibutuhkeun dina rétorika kaasup ogé kana prinsip paguneman.

Prinsip-prinsip anu kawengku kana dua jenis rétorika aya bédana, di antarana rétorika tékstual anu mikabutuh prinsip gawé bareng (*kooperatif*), éta prinsip miboga opat maksim paguneman nyaéta: (1) maksim kuantitas, (2) maksim kualitas, (3) maksim kasaluyuan (*rélevansi*), jeung (4) maksim cara. Ari rétorika antarpribadi (*interpersonal*) mah mikabutuh prinsip kasopanan (tatakrama). Dina

prinsip kasopanan aya genep maksim paguneman, nyaéta: (1) maksim kawijaksanaan (*kebijaksanaan*), (2) maksim katumarima (*kedermawanan*), (3) maksim balabah (*penghargaan*), (4) maksim handap asor (*kesederhanaan*), (5) maksim pangcocog (*kemufakatan*), jeung (6) maksim kasimpatian (*simpati*).

Unggal jalma anu ngalakukeun paguneman, prinsip-prinsip nu miboga sababaraha maksim paguneman jarang pisan bisa katitén ku sawatara masarakat. Tong boro dina bacaan anu sipatna tékstual, anu eusi atawa maksud caritaanana masih kénéh bisa diteuleuman ngaliwatan maca, dina paguneman anu hirup kumbuh di masarakat saban poé ogé, prinsip gawé bareng jeung prinsip kasopanan can tangtu bisa katitén ku sawatara masarakat.

Dina prinsip gawé bareng, antara panyatur jeung pamiarsa kudu bisa méré pangdeudeul nalika nepikeun omongan. Éta hal tangtu kudu diperhatikeun sangkan maksud anu aya dina pikiran panyatur bisa katepikeun sacara jéntré, tur kacangkem maksudna ku pamiarsa. Henteu nepi ka papalimpang omonganana, ngalér-ngidul méngpar tina jejer omongan, anu antukna omongan panyatur teu bisa dipikaharti ku pamiarsa, malah bisa jadi pesen omonganana teu katepikeun.

Béda jeung prinsip kasopanan, dina prinsip kasopanan mah omongan téh raket pisan patalina jeung kakawasaan, kalungguhan, kaakraban, kontak antara panyatur jeung pamiarsa, tur jalma anu dicaritakeun. Éta hal dilakukeun sangkan bisa nimbulkeun rasa silih hormat, jeung silih ajénan di antara papada jalma dina hirup kumbuh masarakat. Ku kituna, dina prinsip kasopanan mah tatakrama basa téh penting pisan.

Dumasar kana pedaran di luhur, prinsip jeung maksim paguneman bisa katitén dina wangun wacana lisan jeung tinulis. Dina wangun wacana lisan, anu dipidangkeunana tangtu maké basa lisan, kajadianana lumangsung harita kénéh. Teu lepas tina enas-enasna, yén omongan anu dipidangkeun dina wacana lisan dilakukeun ku dua urang panyatur atawa leuwih, nyaéta panyatur jeung pamiarsa. Sangkan maksud omongan bisa katarima, pamiarsa kudu bisa ngaregepkeun omongan panyatur kalawan daria. Contona waé ngawangkong atawa diskusi.

Dina wangun wacana tinulis, kalan-kalan sok manggih sawatara obrolan atawa paguneman, upamana waé paguneman anu aya dina wangun sastra, kayaning; carpon, novel, atawa téks drama. Ku lantaran éta paguneman téh ditulis dina wangun tulisan, tangtuna anu maca kudu bisa nyangkem kalimah-kalimah paguneman anu didéskripsikeun ku nu nulis.

Wangun paguneman anu mangrupa wujud komunikasi timbal balik téh, dina ragam tinulis mah sok katitén abstrak, teu nyampak. Sok sanajan bisa karasa ku nu maca, tapi upama dina téks wacanana teu dibéré katerangan mah saha nu nyaritana, nu ngomongna, sok kadang jadi teu puguh jalan carita anu dibaca.

Dina ieu panalungtikan, dipedar ngeunaan prinsip jeung maksim paguneman dina wangun wacana tinulis. Wacana anu dijadikeun sumber data, nyaéta téks paguneman anu aya dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana.

Alesan dipilihna kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana dina ieu panalungtikan di antarana, loba téks wacana paguneman anu ngaguluyur jiga paguneman dina drama. Ngan, bédana dina ieu kumpulan carpon mah teu pati katitén saha nu nyarita, saha nu nanya, tur saha nu ngajawab, antara *Si Kabayan*

jeung palaku nu séjénna. Éta hal tangtu bisa mangaruhan kana maksud anu dicangkem ku nu maca kana eusi jalan caritana. Contona waé paguneman nu kapanggih ieu di handap:

(01) *“Aya geuning!” omongna.*

“Bisluitna?”

“Dameleun kénéh, nembé usulanana ieu mah...” (Resmana, 1995:58-59)

Duka saha nu nyarita dina ieu paguneman téh, nu upama dibaca saliwatan mah maksud pagunemanana teu pati katitén.

Lian ti éta hal, dina ieu kumpulan carpon eusina loba nyaritakeun potrét kahirupan di sabudeureun masarakat urang. Loba pisan paguneman anu lumangsung antara Si Kabayan jeung palaku séjénna, anu ngagambarkeun kondisi kahirupan masarakat pilemburan jeung masarakat kota. Tétéla, paripolah atawa karakter Si Kabayan dina unggal carita geus dipikawanoh ku masarakat Sunda, yén Si Kabayan téh jalma pangedulan tapi loba kahayang, bodo aléwoh; teu loba kanyaho tapi manéhna daék tatanya. Kaparigelanana dina meulat-meulitkeun hiji omongan kana fakta anu nyata moal bisa kaéléhkeun ku lawan ngomongna. Kitu deui sikep lungguhna Si Kabayan. Nu matak, unggal Si Kabayan ngedalkeun omongan dina paguneman, sok karasa leuwih anteb pisan. Sok sanajan ceplas-ceplos kana hal nu sipatna pamohalan, tapi sok bisa waé kahontal ku cara pikir manéhana. Éta hal ogé ditétélakeun ku Rosidi (2009: 33) yén:

“Tokoh Si Kabayan yang dilukiskan oleh Moh. Ambri ialah seorang pemalas, namun cerdas, pandai berbicara - dalam arti tak pernah terdesak kalau berhadapan dengan orang lain... Memang kepandaian kata-kata dan bersilat lidah merupakan salah satu sipat Si Kabayan yang populer.”

Hal éta pisan anu matak ngalantarankeun panyusun hayang nalungtik prinsip jeung maksim paguneman, antara Si Kabayan jeung palaku séjénna dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana.

Pedaran panalungtikan ngeunaan prinsip-prinsip paguneman kungsi dilaksanakeun, boh dina wangun karya ilmiah, boh dina wangun skripsi. Dina wangun karya ilmiah (*Jurnal Penelitian Bahasa Sastra dan Pengajarannya*), di antarana anu kungsi kapanggih nyaéta: “*Pelanggaran Prinsip Kerja Sama beserta Maksim-maksimnya dalam Interaksi Antarmahasiswa Memiliki Beberapa Fungsi*” (Jazeri, 2008: vol 7) jeung “*Réalisasi Prinsip Kerja Sama dalam Sebuah Interaksi*” (Jazeri, 2008: vol 15). Dina wangun skripsi, kapanggihna panalungtikan ngeunaan prinsip jeung maksim paguneman téh aya nu dipaké dina dasar tiorina wungkul, aya ogé nu hasilna ngan saukur ngadéskripsikeun papasingan prinsip jeung maksim paguneman. Sok sanajan éta panalungtikan dina wangun skripsi téh nyoko kana paguneman, tapi teu sagemblengna ogé medar jeung ngadéskripsikeun maksud tina prinsip jeung maksim paguneman.

Tina sababaraha panalungtikan anu geus kapanggih aya sababaraha babandingan, boh tina objék anu dijadikeun bahan panalungtikan, boh tina hasil panalungtikanana. Tétéla, éta panalungtikan aya anu méh sarua jeung ieu panalungtikan, di antarana “*Analisis Wacana Paguneman dina Kumpulan Carpon Oknum Karya Hadi AKS pikeun Bahan Pangajaran Nyarita di SMP*” (Oxtapia, 2010), jeung “*Adegan Pragmatis Kalimah Paréntah dina Karangan Siswa Kelas X SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2010/2011*” (Maharani, 2011).

Dina panalungtikan Oxtapia dipedar ngeunaan prinsip-prinsip paguneman anu lumangsung dina kumpulan carpon. Dina éta panalungtikan dipedar papasingan prinsip jeung maksim paguneman. Éta papasingan tuluy ditangtukeun luyu henteuna pikeun bahan pangajaran nyarita di tingkat SMP. Ari dina panalungtikan Maharani mah, anu dipedar nyaéta ngeunaan adegan pragmatis dina kalimah paréntah karangan paguneman siswa. Sok sanajan dina panalungtikan Maharani ogé medar prinsip jeung maksim paguneman, tapi éta panalungtikan téh leuwih condong kana wangun kalimah paréntahna wungkul.

Anu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta, lian ti nangtukeun téks adegan paguneman, prinsip jeung maksim paguneman anu aya dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana, dipaluruh ogé maksud unggal omongan anu aya dina téks pagunemanana.

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, ieu panalungtikan anu judulna “Prinsip jeung Maksim Paguneman dina Kumpulan Carpon *Si Kabayan Tapa* Karya Min Resmana” perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

Sangkan ieu panalungtikan henteu sumebar kana bahasan anu séjén, masalah anu geus dipedar di luhur bakal dijieun watesan jeung rumusan masalahna ieu di handap.

1.2.1 Watesan Masalah

Minangka unit pangjembarna, paguneman nu mangrupa salasahiji aktivitas sosial jeung miboga sipat interaksional antara panyatur, pamiarsa, jeung jejer caritaan atawa omongan katut tulisan, kahontalna maksud hiji omongan/caritaan

ditangtukeun ku ayana prinsip-prinsip paguneman nyaéta prinsip gawé bareng (*kooperatif*), jeung prinsip kasopanan (tatakrama). Ku ayana éta prinsip-prinsip, maksud hiji omongan/caritaan bisa ngahontal harti anu lumangsung dina paguneman, nepi ka paguneman anu lumangsung antara panyatur jeung pamiarsa bisa karasa leuwih teleb, lantaran luyu jeung situasi katut kontéks anu jadi jejer omongan/caritaan. Ku kituna, dina ieu panalungtikan panyusun ngawatesanan masalah anu nyampak dina téks paguneman kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana, kana prinsip jeung maksim paguneman katut maksud nu aya dina unggal téks pagunemanana.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah nu geus dipedar di luhur, masalah dina ieu panalungtikan téh dirumuskeun dina sababaraha wangun pertanyaan ieu di handap.

- 1) Kumaha wangun téks adegan paguneman anu aya dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana?
- 2) Prinsip jeung maksim paguneman naon waé anu nyampak dina téks paguneman kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana?
- 3) Maksud omongan naon waé anu nyampak dina unggal téks paguneman, dumasar prinsip jeung maksim paguneman dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana kasang tukang jeung rumusan masalah anu dipedar di luhur, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun sistim paguneman

dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana. Ari déskripsina, ngawengku:

- 1) Wangun téks adegan paguneman anu aya dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana;
- 2) Prinsip jeung maksim paguneman anu nyampak dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana; jeung
- 3) Maksud omongan anu nyampak dina unggal téks paguneman, dumasar prinsip jeung maksim paguneman dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Salian miboga tujuan anu ditataan di luhur, tina ieu panalungtikan panyusun ogé miharep sangkan ieu panalungtikan aya mangpaatna pikeun hal-hal anu séjén, di antarana aya mangpaat sacara tioritis jeung mangpaat praktis. Éta mangpaat téh nyaéta:

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun ulikan élmu kabasaan, utamana pangaweruh kana makéna basa anu luyu jeung panyatur dina hirup kumbuh masarakat di lingkungan, katut kontéks wacanana.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan dipiharep bisa:

- 1) Méré gambaran kana wangun téks adegan paguneman anu aya dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana;

- 2) Dijadikeun bahan pangaweruh masarakat kana ajén-ajén moral ngaliwatan téks paguneman anu aya dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana;
- 3) Dijadikeun gambaran jeung bahan tinimbangan pikeun para guru dina nyusun sumber bahan pangajaran, jeung
- 4) Dijadikeun réferénsi pikeun mahasiswa dina mata kuliah anu aya hubunganana jeung pangaweruh kabasaan, atawa réferénsi dina mata kuliah séjén anu aya patalina jeung panalungtikan ilmiah.

1.5 Raraga Nulis

Ieu skripsi ngawengku lima bab, nyaéta: bab I bubuka, bab II kapragmatisan wacana, paguneman, jeung asumsi, bab III métode panalungtikan, bab IV déskripsi hasil panalungtikan, jeung bab V panutup.

Dina bab I, anu dipedar di antarana kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan jeung mangpaat panalungtikan. Dina mangpaat panalungtikan aya mangpaat sacara teoritis jeung sacara praktis. Tuluy dipedar ogé ngeunaan raraga nulis ti mimiti bab I nepi ka bab V.

Dina bab II dipedar ngeunaan kapragmatisan wacana, paguneman, jeung asumsi. Pedaran ngeunaan kapragmatisan wacana mangrupa ambahan tiori pikeun ngahontal pedaran anu poko dina ieu panalungtikan, nyaéta pedaran ngeunaan paguneman. Pedaran ngeunaan paguneman di antarana wangenan paguneman jeung adegan paguneman. Adegan paguneman miboga pola, kaédah, jeung prinsip paguneman. Lian ti éta, paguneman ogé miboga sababaraha maksim paguneman. Nu pamungkasna, dipedar ngeunaan maksud omongan dina paguneman.

Dina bab III dipedar ngeunaan métode panalungtikan. Eusina nyaéta medar sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan jeung téhnik panalungtikan, nu di antarana téhnik ngumpulkeun data jeung ngolah data.

Bab IV mangrupa pedaran anu poko dina ieu panalungtikan nyaéta déskripsi prinsip jeung maksim paguneman dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana. Dina ieu bab didéskripsikeun hasil panalungtikan dumasar kana tujuan panalungtikan nyaéta, ngadéskripsikeun wangun téks adegan paguneman anu aya dina unggal carita, prinsip katut maksim paguneman, jeung maksud unggal omongan dina paguneman kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana.

Bab anu pamungkas nyaéta bab V. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan tina sakabéh hasil panalungtikan, jeung rékomendasi kana panalungtikan anu satuluyna bakal dilakukeun ku panalungtik séjén.